


# KONSEY

- Kenbe pyès idantite w yo avèk ou epi fè fotokopi yo
- Louvri yon kont labank **nan non w**



Asire w ou gen aksè ak kondisyon travay ak yon vi ki respekte diyite w (repa, douch, dlo cho, chofaj, elatriye). Santi w lib pou w poze kesyon byen presi.

Si yo bay lojman, **li dwe nan bon kondisyon.**



Èske yo pa respekte dwa sa yo ?  
Èske w sibi menas oswa vyolans nan espas travay la? Èske w santi w oblige dakò pou w fè bagay yo?


Mande èd !



169Bis Blvd Vincent Auriol  
75013 Paris  
01.44.52.88.90  
[info@ccem.org](mailto:info@ccem.org)  
[www.esclavagemoderne.org](http://www.esclavagemoderne.org)




# TRAVAY AN FRANS: KI DWA MWEN GENYEN?



# KÈLKESWA SITIYASYON W, OU GEN DWA AN FRANS

Yo dwe peye w chak mwa




Ou pa ka travay **plis pase 10 èdtan pa jou**



Eksepte pou si se pou lojman w \*, patwon w **pa ka kenbe yon pòsyon nan salè w** pou yon sèvis yo ba ou oswa yon erè w fè




Ou pa ka travay **plis pase 6 jou pa semèn**



Lè w gen yon kontra travay alekri, sa pwoteje w!

**Atansyon, yo pa dwe vann yon kontra travay e w pa ka achte l nonplis !**

Kantite salè minimòm lan se apeprè **1398 ewo anvan enpo/mwa\*** pou 35 èdtan pa semèn (**9.23 ewo anvan enpo/èdtan**)



\*Si w gen dout sou kantite lajan an, chèche konsèy nan enspeksyon travay la

Menm si w pa gen rezidans, ou ka:

- Jwenn swen nan lopital
- Pote plent bay lapolis
- Kontakte **enspeksyon travay la**



\* An 2024. Li ogmante chak ane. Li te 1,383 ewo nan 2023